ЖАҢА ЖЫЛЫҢЫЗ БЕНЕН!

Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ

№ 1 (6167) 1-ЯНВАРЬ 1990 ЖЫЛ ДҮЙШЕМБИ

Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАН ЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

КПСС ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИНИҢ БАС СЕКРЕТАРЫ, СССР ЖОҚАРҒЫ СОВЕТИНИҢ ПРЕДСЕДАТЕЛИ М. С. ГОРБАЧЕВтың СОВЕТ ХАЛҚЫНА ЖАҢА ЖЫЛ ҮНДЕЎИ

Қәдирли жолдаслар!

1989 жылдың соңғы минутлары өтип баратыр, ал олар менен қосыла тутас бир он жыллық тарийх төрине қарай өтпекте. Бизлер XX әсирдиң соңғы он жыллығы болған 90-жылларға қәдем таслап атырмыз.

Бундай ўақытларда биз басымыздан кешкен нәрселердиң барлығын қайтадан көз алдымыздан өткерип атырған сыяқлы боламыз, солай етип келешегимизге үмит пенен қараймыз. Өзин гражданман деп сезетуғын ҳәм сезетуғын, ҳәрбир инсан өз тәғдирин Ўатанның тәғдиринен бөлип таслама[й]ды. Бизге ҳәм бизиң жақын-жуўықларымызға заман қайсы тәрепинен қарамасын —мейли қуўаныш тәрепинен бе, мейли ашынарлық тәрепинен бе—ҳәрбир инсан пүткил ели басынан кеширип атырған аўырманлықтың бир бөлегин өз мойны менен көтереди.

Елимиздиң турмысындағы айрықша жылды—мен айтар едим—1985 жылдың апрелинен басланған қайта қурыўдың ең қыйын жылын биз артымызда қалдырып отырмыз. Бул жылды қыйын жыл деўимниң мәниси, бул жылы биз бир қатар оғада кескинлескен машқалаларға тиккелей бетпе-бет дусласып қалдық. Бул жылы үлкен қыйыншылықларға дуўшакерлестик, экономикалық реформа әстелик пенен жүрип атырғаны жоқ, қарыйдарлар базарында кескинлескен жағдайлар жүз берип турды. Бул биринши мәртебе [illegible] не таслаў ларды ҳәм оларға байланыслы жуз берген халық хожалығындағы аўыр шийеленисиўшиликлерди басымыздан кеширдик. Тыныш ҳәм интизамлық жеткиликсиз болды. Пүткил жыл даўамында миллетлер аралық мәселелердиң кескинлесиўине байланыслы қәўетерлениўшиликлерден биз қутыла алмадық.

Өтип баратырған жылдың [illegible] жыл болыўының та[illegible] ол бир [illegible] бул [illegible] биз жаңа, әдеттегиден өзге

ҳәм көлемли ўазыйпаларды шешиўге тиккелей киристик. Ал бул бизлердиң ҳәммемиздиң моральлық, руўхый ҳәм тән күш-жигерлеримиздиң оғада зор салып жумсаўымызды талап етти.

Деген менен 1989 жыл биз ушын қаншелли қыйын болмасын, биз бул жыл менен тек өкинишлик сезими менен ғана емес, ал соның менен бирге бизлердиң ҳәммемиз ушын ислен[г]ен үлкен ҳәм оғада керекли жумыслар жылы сыпатында да хошласып атырмыз. Елимиз бул жылы өзин-өзи қайта қура отырып, жасады ҳәм жумыс иследи, жаңа даңғыл жолға түсип қәдем таслады.

Өткен жылы биз көп нәрселерди үйрендик. Бизлердиң көп нәрселерди жаңаша ойланып алыўымызға, көп нәрселерди бүгинги күни буннан бир жыл бурынғысына қарағанда басқаша көз бенен көриўимизге туўры келди. Енди биз өзимиз алдымызға мақсет етип қойып отырған нәрселерди айқынырақ көз алдымызға келтире алатуғын болдық. Бул мақсетимиз—адамгершиликли, демократияшыл социализмди, еркинлик ҳәм социаллық әдалатлық жәмийетин дүзиўден ибарат.

Өткен жылы ақыбетлери елеге дейин толық дәрежеде ашылып болмай атырған бурылыс жасаў әҳмийетине ийе ўақыялар жүз берди. 1989 жыл совет тарийхының бир неше он жыллықлары ишиндеги туңғыш, ҳақыйқат еркин сайлаўлар жылы болды, халық депутатларының биринши ҳәм екинши съездлери жылы болды: парламентлик тәжирийбеге ийе болыў, халқымыздың демократиялық мәдениятының кескин раўажланыў жылы болды. Бул жылы әҳмийетли нызам шығарыў актлери қабыл етилди ҳәм олар ҳәзирдиң өзинде-ақ келешек ушын хызмет етип атыр. Бизиң жәмийетимиздиң ертеңги [illegible] қайта қурыўға байланыслы бол[illegible] жойбарлары ис[illegible] шығылды ҳәм [illegible]

халықлық додалаўға усынылды.

1989 жыл—бул елимиздиң ишиндеги социаллық-экономикалық кескинлесиўди пәсейтиў бойынша нәтийжели илажларды интенсив излеп табыў жылы болды. Халық депутатларының екинши съезди қарыйдарлар базарындағы жағдайды жақсылаўға, елимиздиң халық хожалығын саўалтыўға, әдеўир дәрежеде нәтийжели, ийкемли, инсан мәплерине қаратылған экономикаға өтиўге бағдарланған ҳүкиметлик программаны тастыйықлады.

Тағы бир нәрсе ҳаққында айтайын. 1989 жылға тән болған гүллән қыйыншылықлар, сиясий ғаўғалар арқалы жәмийетимизде сәўбетлесиўдиң, өзара түсинисиўдиң, ҳәр қыйлы позициялардың ҳүрметлеўшиликтиң, өз-ара үйлесимли қарарларды излеп табыўшылықтың зәрүрлигине умтылыўшылық артып бармақта. Жаңа ғана өз жумысын тамамлаған СССР халық депутатларының екинши съездин мен елимизде жүз бере баслаған конструктивлик сәўбеттиң бир көриниси сыпатында қарайман. Бир сөз бенен айтқанда, өткен жылы ертеңги күнниң жаўдырасып өсип шығатуғынлығына гүманланбаўға болатуғын дәнлер қунарлы жерге егилди. Олардың бизиң топырағымызда ертеңги күнниң жаўдырасып өсип шығыўы тек ғана әдеўир ақсатқа түседи, олар мудамы көз-қулақ болып, ғамхорлық етиўге мүтәж болады. Бирақ егер аман-есен олар тамыр байлап кетсе,—ал бизлер усылай болыўына ғамхорлық етиўге миннетлимиз—онда пүткил елимизге ҳәм ҳәрбир инсанға олар өзлериниң бай жемислерин инам етеди.

Биз ертеңги күнимизге үлкен үмит пенен қарай аламыз. Бизиң жолымызда турған тосқынлықлар қаншелли уллы болмасын, олар бизден қаншелли табанлылықты ҳәм қайсарлықты талап етпесин—бул жүклерди көтериўге бизиң елимиздиң қүдирети жетеди. Ол өзиниң тайпашыр тулғасын тиклеп алып, өз күшине емин-еркин исене алатуғын бола алады ҳәм болыўға тийисли де.

Өткен жылы халық аралық майданда ири-ири алға илгерилеўшиликлер жылы болды. Жаңаша сиясий ой жуўыртыў өзиниң жемислерин бере баслады. 1988 жылы ғалаба европалық үй идеясын көпшилик қандай да бир утопия сыпатында қабыл еткен еди. Ҳәзирги жылдың ақырына таман келип бул ҳаққында адамлар реаль перспектива сыпатында сөйлей баслады. Континенттиң урыстан кейинги жикке айырылыўшылығы өтмиш төринде қалып баратыр.

Өткен жылы «салқын урыстың» питиў жылы болды 90 жыллар цивилизация тарийхындағы ең жемисли дәўир болатуғынлығынан үмитлендирип отыр. Бирақ, бул мүмкиншиликтен пайдаланып қалыў ушын пүткил дүнья жүзине, сондай-ақ бизиң елимизге де—тиреклеслик, бирге ислесиўшилик, аўызбиршилик зәрүр болады.

Шығыс Европаны бойлап революцияшыл жаңаланыў толқыны жүрип өтти. Берлинде ҳәм Софияда, Прагада ҳәм Бухарестте жүз берген драмалық ўақыялар социализмниң демократия менен ушластырылыўының зәрүрли екенлигин оғада күшли рәўиште тағы да тастыйықлап берди. Биз өзимиздиң досларымызға олардың бул жолында табыслар тилеймиз. Олар мудамы бизиң оларға тилеклеслигимизден үмитлене алады.

Маған улыўма ҳәммемиздиң атымыздан гүллән халықларға кирип киятырған жылда ең жақсы тилеклерди тилеўге, бизиң халқымыздың еркинлик ҳәм прогресс жолы бойынша олар менен аяқ қосып қәдем таслаўға таяр екенлигин билдириўге руқсат етиң.

Биз 1990 жылдан социализмди революцияшыл қайта қурыў бойынша үлкен үмитлер ҳәм әмелий ислер жылы сыпатындағы турмыз.

Жаңа жылда бизлердиң өзимиздиң революцияшылық жумысымызда, қайта қурыў тәрептарлары болған барлық күшлерди жәмлестириўде жеделли ҳәм табанлы ҳәрекет етиўимиз зәрүр болады. Бизге ақыл-парасатлылық ҳәм кең пейиллик, төзимлилик ҳәм шыдамлылық, ҳәрбир инсанның бойына питетуғын баслы адамгершилик сезими оғада зәрүрли болады. Ал бул қәсийетлердиң ҳәрбир инсанда да бар екенлигине мениң исенимим кәмил.

Биз ҳақыйқат теңи-тайы жоқ мүмкиншиликлерге: оғада бай интеллектуаллық ҳәм мийнет потенциалларына, оғада үлкен тәбийий қорларға ийемиз. Мине, солардан пайдалана отырып, биз 1990 жылы жағдайды жақсы тәрепине қарай бурып жибере аламыз ҳәм бурып жибериўге тийислимиз де. Бирақ, бул ушын бизлердиң ҳәммемиздиң де жақсы, ҳақ нийетли жумыс ислеўимиз керек болады.

Сизлерге, қәдирдан жолдаслар, мүрәжат ете отырып, мен Советлер Союзында жасаўшы барлық миллетлердиң миллионларша адамларының—ҳаял-қызлардың, ерлердиң ҳәм балалардың, ҳәр қыйлы мамандықлар ўәкиллериниң өзлериниң мәплери менен әрзыўлы нийетлерин, келешекке планлары менен үмитлерин жүреклериниң төрлеринде сақлап Кремль курантларының жаңғырған сестин еситтиўди күтип ҳәзир телевизорлардың алдына жыйналысып отырғанларын қыялый көз алдыма келтиремен.

Жаңа жыл босағасында турып, мениң бәринен де бетер оның бизиң жәмийетимиз, бизлер менен сизлер ҳәммемиз ҳәзир мүтәж болып отырған өз-ара түсинисиў ҳәм консолидация нышаны астында өтиўин тилегим келеди.

Жаңа жылыңыз қутлы болсын, қәдирдан ўатанласларым!

Сизлерге бахыт, саодатлық, парахатшылық ҳәм абаданшылық жолдас бола берсин!

Экспресс—интервью

ЖАҢА ЖЫЛ БОСАҒАСЫНДАҒЫ ОЙЛАР, ТИЛЕКЛЕР...

Ассалаўма — әлейкум, ҳүрметли оқыўшы! Сизлер менен жаңа жыл босағасында дийдарласыў ушын алыс еллерден асығып киятырман. Рәхмет, ул ҳәм қызларым! Өткен жылда үлкемизде көп ғана өзгерислер жүз берипти.

Дийхан бабаларымыз ана жер сийнесинен «ақ атып»лардың бийик шыңларын бинә етсе, шарўаларымыз жайлаўларымызда сүриў-сүриў қой қозыларды көбейтип атыр екен.

Ал, қурылысшылар қолынан көп қабатлы зәўлим жайлар бой тиклеп атырғанларын көрип үлкен қуўанышларға бөлендим.

Әсиресе, Түйемойын—Нөкис водоводынан жаңа жыл қарсаңында аўыз суўдың келип атырғанын айтпайсыз ба? Бәри бәри қуўанышлы пәрселер. Ең мол табыс әкелген гөне жыл менен хошласып атырмыз.

Ана жеримизге жаңа 1990-жыл қәдем қойды. Жаңа жыл алды мийнет коллективлеримизде болдым, адамлар менен ушырастым, олардың жаңа жылдағы ис планлары, ойлары менен таныстым.

Қәне, енди сизлерде мениң ушырасқан қаҳарманларым менен дийдарласып көриң!

СӘЛЕМ МЕНЕН СИЗЛЕРДИҢ «АЯЗ АТАҢЫЗ».



ЖАҢА ЖЫЛ ҚУУАНЫШЫ

Жаңа жыл келериниң алдында, Жаңа жылда ҳәр бир жас бир-бирине: «Жаңа жылыңыз бенен!»—деп қутлықлайды. Бул халқымыздың жақсы нийети, бир-бирине, тилеги, аманшылығы. Жаңа жыл қуўанышы инсан жүрегине илхам бағышлап, шадлы сезимге бөлейди. Себеби, жаңа жылдың келиўи менен жасыңа тағы да жас қосылады. Қыялларың алға пәрўаз етип, жаңа нийетлерге, әрманларға талпынасаң. Жаңа жыл әрманларыңа қанат байлатады. Ҳәр бир инсан өткен жылда не питкердим? Халық мәпине ылайықлы қандай үлес қостым?—деп өзи-өзине есап береди. Жаңа жылда жаңа нийет пенен алға қәдем таслайды. Ҳәркимниң ҳәртүрли планлары, алға қойған мақсетлери болады. Буның бәри парахатшылықта әмелге асады. Ал, мектеп оқыўшылары болса II-шеректи тамамлаўға ямаса питкериў тәшўишинде болады. Жаңа жыл қарсаңында кәрхана, мәкемелерде, мектеплерде, балалар бақшаларында жаңа жылға арналған елкалар болды. Сиз пайтахтымыздағы № 34 мектептеги елка салтанатынан бир көриниси көрип турсыз.

Х. САПАЕВ.

1

Амангелди Оразбаев СССР халық депутаты



Амангелди ОРАЗБАЕВ—СССР халық депутаты, Қоңырат районының Чапаев атындағы совхозының бригада баслығы.

Москвадан, II съезден қандай кейпият пенен қайттыңыз. Қарақалпақстан халқының турмысында быйыл қандай социал-экономикалық жаңалықлар жүз береди?

Съезд айтарлықтай жемисли өтти. Оның күн тәртибиндеги мәселелер бойынша әҳмийетли қарарлар, нызамлар қабыл етилди. Мәжилислер арасындағы үзилислерден де нәтийжели пайдаландық. Агросанаат өндириси саласында . ислеўши өзбекстанлы депутатлар Н. И. Рыжковтың қабыллаўында болдық. Бул жерде биз аўыл хожалығының тез шешилиўди күтип турған мүшкиллерин, социаллық саланың жүдә төмен раўажланғанын, пахтаға, пиллеге ҳәм басқа өнимлерге 100 процент мәмлекетлик буйыртпаның республикамыздың раўажланыўына тосқынлық етип атырғанын, аўыл турмысын, Арал тәғдирин, таза аўыз суў мәселесин ҳәм басқа да әҳмийетли турмыслық зәрүрликлерди сөз еттик. Ҳүкимет баслығы биз ортаға қойған мәселелерде жәрдем бериўге ўәде етти. Депутатлар А. Першин менен М. Сәрсеновлар темир жол транспорты министри Конарев пенен ушырасты. Оның да лебизи жаман емес . Демек кейпиятымыздың қандай екенлиги айтылғанлардан-ақ билинип тур.

Сораўыңыздың екинши бөлегине жуўап: усы жылдың биринши ярымында түйе мойынның тазаланған суўын Нөкис қаласы ҳәм Халқабад халқы ише баслайды. Нөкис қаласында Аралды қутқарыў менен шуғыллана-туғын экологиялық институт дүзиледи. Пахтаның баҳасы артады. Аўыллық жерлерди газлестириў, суў тараўларын жүргизиў бурынғы жыллардағыға қарағанда тезлестирилген пәт пенен жүргизиледи. Қоңырат ҳәм Тахтакөпир районларында гүриш заводларын салыў басланады. Автономиялы республикамыздың өзинде жетистирилетуғын айырым азық-аўқат өнимлерине кооператив нырқ бийкар етиледи. Гөш, сүт, май, гүнжара, гүриш, овощ мийўе ҳәм палыз өнимлерине болған талапты толық қанаатландырыў ушын бул өнимлердиң басқа республикаларға сатылыўын қысқартыў мәселеси шешиледи. -Арал теңизиниң суўы қурып қалған 40 процент майданын көгалландырыў жумысы басланады. Аўыл хожалығы мийнеткешлериниң ис ҳақысы 20—30 процентке көбейеди. Колхозларға, совхозларға, кооперативлерге ҳәм басқа да суўдан пайдаланатуғын кәрханалар менен шөлкемлерге суўды сатып бериў енгизиле баслайды. Бирнеше онлаған емлеўханалар, мектеплер, балалар бақшалары, спорт комплекслери, мәдений мәкемелери салынады.

Көп балалы семьялар Совет Қызыл Атанақ жәмийети ҳәм СССР саўда министрлигиниң қәрежетлери есабынан Финляндияда ислеген балалар аўқаты және бир мәртебе пайдаланатуғын шприцлер менен тәмийинлеў иске асырыла баслайды. Усы жәмийет пенен саўда министрлиги көп балалы ҳәм турмысы төмен семьялар ушын шет еллерде исленген суў тазалайтуғын үскенелерди де жеткерип бериўди иске асырады. Атап өтилген илажлар халқымыздың ден саўлығын, социал-экономикалық дәрежесин жақсылаўда, миллий сана-сезиминиң, сиясий белсендиликтиң артыўында сезилерли басқыш болады. Автономиялы республикамыздың сайлаўшыларын, барлық халқын кирип келген жаңа жыл менен қутлықлай отырып, олардың ҳәр бирине саламатлық, бахыт, жақсы кейпият ҳәм жумысларында, машқалаларында сәтлиликлер тилеймен.



2

Х. БАДАХОВ— Түйемойын —Нөкис водоводы қурылысы дирекциясының бас инженери.

Түйемойын—Нөкис водоводы қурылысының қысқаша тарийхы, оның проект-сметалық баҳасы, қуўатлылығы, пайдаланыўға бериливў мүддетлери, оның суўының ҳәзирги ишип отырған суўымыздан қандай артықмашлыққа ийе екенлиги, оны қурыўшылар туўралы айтып берсеңиз?

Қурылыс жумыслары тийкарынан 1982 жылдың жазында басланды. Сол жылы таярлық жумыслары иске асырылды. Қурылыс-монтажлаў жумыслары 1983 жылдан жүргизиле баслады. 1984 жылдан Түйе мойын суў сақлағышында суўды тазалаўдан өткеретуғын комплекстиң қурылысы басланып, бүгинги күнге ол толық питкерилди. Сондай-ақ, Түйе мойын—Нөкис— Халқабад аралығына трубалар тартылып болынды ҳәм ҳәзир бул линияға рабочий суў жиберилип, трубалар тазаланбақта. Усы биринши кварталда Халқабадқа дейинги аралық мәмлекетлик комиссияға тапсырылады.

Объекттиң улыўмалық баҳасы ири қаржы бойынша 178 миллион 300 мың ҳәм қурылыс-монтажлаў жумысларына 142 миллион 600 мың манат етип белгиленген. Демек бул еки санның қосындысы 320 миллион 900 мың манатты қурайды.

Комплекстиң биринши гезегиниң суў өткериў қуўатлылығы суткасына 340 мың кубометр. Ал Халқабадқа дейинги аралыққа суткасына 170 мың кубометр суў жиберип турамыз." Демек усы жылдың биринши ярымында Нөкис қаласының ҳәм Халқабадтың халқы таза аўыз суў ишиўге миясар болады.

Бул суў трассасының узынлығы 380 километр. Бүгинги күнге трассаның 310 километри толық питкерилди. Жыл ақырына дейин қалған 70 километр аралыққа трубалар жатқарылып ҳәм монтажлап боламыз. Демек 1991 жылдан баслап Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районларының халқы да таза суў ише баслайды.

Төрткүл, Беруний, Елликқала, Әмиўдәрья районлары усы үлкен суў жолынан өзлерине мөлшерли трубалар арқалы тартып алады. Биз бул районлардың тусларынан үш жерден суў бөлистириўши тармақлар қурып беремиз. Бул суў бөлистиргишлер (суўды басым менен күшейтип ағызыўшы станциялар) 1991 жылы питкериледи. Мине усыннан кейин трассаға суткасына 340 кубометр суў жиберилип турылады.

Түйемойын суў сақлағышынан комплекске келип туратуғын суў үш басқышлы тазалаўдан өтеди. Хлорланған суў тындырылып, резервуарларға бериледи. Бунннан кейин суў екинши көтериліў станциясына өтеди. Усы үш басқышта да суў тазалаўшы үскенелерден өтеди ҳәм толық тазаланған суў труба проводларға келип түседи де, Нөкиске жол алады. Бул суўдың тазалығы ҳәзирги ишип отырған суўымыздан 10 мәртебеден асламырақ таза болады.

Суў тазалағыш комплексти Түйемойынгидрострой, Агропромстройдың № 1 тресті, «Югқарақалпақводстрой» ға қараслы 68 көшпели механизацияласқан колоннасы, ал трассаны Туркменнефрегазстрой бирлеспесиниң «Нафтгазстрой» тресті, Новосибирск ҳәм Аязқала қәнигелескен көшпели механизациялы колонналары қурды.





Өткен жыл бизиң республикамыздың мийнеткешлери ушын табыслы жыл болды. Аўыл хожалығының барлық түрлери бойынша планлар арттырып орынланды. Ал, басланып атырған жаңа жылымыз оннан да табыслы болады деген үмиттемиз,—дейди Кегейли районының Энгельс атындағы совхозының алдыңғы механизаторы Ғанийбай Узақбергенов.

В. Тилеўмуратовтың түсирген сүўрети.

3

«Өзбекхроника» киностудиясы Қарақалпақстан филиалының директоры О. ӘБДИРАХМАНОВ.

— Өзиңиз сценарийин жазған «Гүңгүм» көркем фильми экранға шығыу алдында деп еситтик. Бул туўралы азы-кем түсиник бересиз бе?

— Жақында ғана «Мосфильм» киностудиясында фильмниң монтаж жумысларын ислеп, даўысын жаздырдық. Фильмди сүўретке алыўды биротала тамамладық. Енди жаңа жылдың январь айының ақыры ямаса февраль айының басында премьерасын Ташкент қаласында өткериўди ойластырып отырмыз. Дәслебинде фильмди рус тилинде экранларға шығарамыз. Соң қарақалпақ ҳәм өзбек тиллерине аўдарып, жәмийетшиликке усынбақшымыз.

— Нийетлериңиз жақсы екен. Жаңа жылда «Қарақалпақфильм» киностудиясы ашылады деген гәплер бар ғой. Сол рас па?

— Рас. Бул бойынша ӨзССР Министрлер Совети менен ҚҚАССР Министрлер Советиниң алдын ала келисими алынды. Ҳәзир биз келешек киностудиямыздың болыўы тийис тәртип ҳәм қағыйдаларын, режелерин ислеп шығыў үстинде жумыс алып бармақтамыз. Бул ис тамамланғаннан соң усы тийкарда рәсмий буйрық шығарылады. Солай етип 1990-жыл—қарақалпақ кинематографиясы тарийхында жаңа бир тараў пайда болатуғын жыл болады деп айтыўға толық ҳақылымыз.

Бирақ, мениң бир қыйналып отырған жерим—биз өткен жылда план бойынша үш фильм орнына бес фильм шығардық. Бир көркем фильмди бирликте сүўретке алдық, 4 кино журнал, сондай-ақ, 10 көркем фильм орнына 11 көркем фильм қарақалпақшаладық. Бул жағдайда тамашагөйлеримиз өз ана тилинде 1,5 айда бир фильм көриў мүмкиншилигине ийе болады екен. Ал, биз олардың ярым айда бир фильм көриўи ушын 30 фильмди қарақалпақшалаўға буйыртпа бердик. Лекин, бул ушын қаржы ажыратыў өзимизге жүкленгенликтен, материаллық жақтан жетиспеўшиликке ушырап отырмыз. Сонлықтан да, қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил статусы берилип атырған бир пайытта бул нызамның ең дәслеп бизиң студиямызда бузылыўы, яғный—бизиң қарақалпақ тилинде тамашагөйлеримиздиң талабы дәрежесиндеги санда фильмлер жетистире алыў мүмкиншилигимиздиң тарлығы қатты ашындырады.

— Бул бойынша тийисли орынлар ойланып көрер. Дәслепки қәдемлериңиз қайырлы болсын!



5



БИЗИҢ ЎАТАНЫМЫЗ— СССР

Эвенкия аўылларында жергиликли халық суўын бағыў, аңшылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланады...

Жақын жылларда ғана бул жерде ҳәр бир адам аў мылтықларынан атыўды, қус ҳәм ҳайўанлардың өзлерине тән қупыя сырларын жақсы билетуғын еди.

Бүгинги күни бул жерде мийнетке жарамлы адамлардан тек ғана бесеўи аңшылық пенен шуғылланды. Суўын бағыўда да, балықшылықта да адамлардың саны дым азайып кетти. Жаслар дәстүрге айланған ата-кәсибин ҳәм ана тилин умыта баслады.

Бир айта кететуғын нәрсе бул жерде ҳаял-қызлар ерлерге қарағанда шыдамлылық көрсетип атыр. Сол ушында өндирис орынларында ислейтуғынлардың көпшилигин ҳаял-қызлар қурайды.

Быйылғы жылы Эвенкия аўылында «Нандаркан» («Аяз») фольклорлық ансамбли дүзилди.

СҮЎРЕТТЕ; усы ансамбль қатнасыўшылары, бас кийим тигиў цехының мастерлери.

ТАСС тың сүўретли хабары.

4

Нөкис салыгершилик техникумы комсомол комитетиниң секретары, областьлық комсомол конференциясының делегаты Р. ПИРНАЗАРОВ.

— Қалалық комсомол конференциясынан соңғы шөлкемлестириў пленумында қалалық комсомол комитетиниң биринши секретары лаўазымына жаслар тәрепинен сизиң кандидатураңыз альтернатив болып қойылған еди. Лекин, сиз сайланбай қалдыңыз, буның себеби неде?

— Не деп жуўап бериўим мүмкин... Дурыс, кандидатурам қойылды. Программалар тыңланды, сораў-жуўап болды. Бирақ, даўысқа қойған ўақытта аз даўыс алдым. Енди сайланбай қалған себебим туўралы айтыўым зәрүр болса—өз программамды еле де жетилистириўим, өз үстимде көп ислеп, көп излениўим зәрүрлигин аңғардым. Адамның келешекке үмит етип жасаўы ҳәм мийнет етиўи көп нәрселерге ерисиўине себепши болады деп ойлайман. Биз көп ислеўимиз керек.

— Областьлық комсомол конференциясына қандай тилек ҳәм усынысларыңыз бар?

— **Бириншиден,** баслаңғыш комсомол шөлкемлерине өз бетиншелик бериліў мәселеси туўралы көбирек сөз болса екен. Дурыс, өз бетиншелик берилип атыр деп атырмыз ғой. Солай да, еле бизге жоқарыдан бир-бирине қайшы келетуғын ҳәр қыйлы көрсетпелер келиўи даўам етип атырғанлығы сыр емес.

Екиншиден, Арал проблемасы, экологиялық жағдай туўралы конкрет илажлар белгиленсе. Қаламызды көклемзарлыққа айландырыў қолымыздан келеди ғой. Бул исти ҳәр бир комсомол шөлкеми өз участкасынан басласа.

Үшиншиден, баслаңғыш комсомол шөлкемлеринде басламалар жоқ деп комсомол мәжилислеринде көп айтылады. Лекин, бар басламаларды комсомол комитетлериниң қоллап-қуўатламайтуғыны ҳаққында ләмми-мим делинбейди.

Төртиншиден, баслаңғыш комсомол шөлкемлери арасында байланыс төмен. Олардың биргеликте ислесиўи жоқтың қасында. Мине, бул бизиң ҳәр тәреплеме ақсап атырғанымыздың баслы себеплериниң бири. Усы мәселе областьлық комсомол конференциясында сөз болса, сондай-ақ районлық ҳәм қалалық комсомол комитетлери арасында бир күнлик өткериў практикасын иске асырыў мәселеси ойластырылып көрилсе мақсетке муўапық болар еди. Биз сонда ғана бир-биримиздиң ис тәжирийбелеримизди үйренип, комсомол турмысындағы проблемаларды биргеликте шешиўге мүмкиншилик алар едик.

Мине, усы **төрт проблема** шешилсе комсомол турмысындағы толып атырған басқа да проблемаларды шешиўге кең жол ашылар еди деп ойлайман. Областьлық комсомол конференциясынан жақсы нәтийжелер күтемен. Жаңа жылда өзгерислер болыўын тилеймен.



6

ӨТКЕН ЖЫЛ—МЕНИҢ ТӘҒДИРИМДЕ




Өткен жылғы есте қаларлықтай ўақыялардың бири Афганстандағы совет солдатларының елимизге қайтыўы болды. Ҳәммемизге белгили ол жерде бизиң көп ғана нәўқыран жигитлеримиз мәңгиге қалып кетти, айырымлары майып, мүгедек болып қайтты...

Ал, олардың арасында бийдәрек жоғалғанлар менен душпан қолына тутқынға түскенлери де бар. Бизиң елимиздиң ҳақ кеўил, мәрт адамлары тәрепинен бул тараўда да исленип атырған жумыслар аз емес. Жақында ғана тутқынға түскен еки совет солдатының азат етилип, елимизге қайтқанының ҳәммемизде гүўасы болдық. Бул жоқарыдағыдай ислер менен шуғылланып атырғанлардың маңлай терлериниң жемиси болып есапланады.

Бизиң сүйикли Ўатанымыз бойлап жаңа жыл қәдем атпақта. Ол ҳәр қашан ҳәр биримизге қуўаныш ҳәм бахыт алып келе берсин.

СҮЎРЕТТЕ; Тутқыннан азат етилген Андрей Лопух туўысқанлары арасында.

ТАСС.



ЖАҢА ЖЫЛ АНКЕТАСЫ

Хүрметли газета оқыўшылары! Жаңа жыл босағасында турып, сизлерге ең жақсы тилеклеримизди билдиремиз.

Әдетте, жыл басында келешектегиислер планластырылады. Газета редакциясы да алдағы жумысларында Сизлердиң усыныс, пикирлериңизге, жиберген хатларыңызға сүйенеди. Соны да айтып өтиў керек. Газетамыздың бүгинги саны 28385 адам алады. Яғный газетаның усынамы оқыўшысы бар. Бирақ, быйыл газетаға өткен жылдағыға қарағанда 700 ден аслам оқыўшы аз жазылды. Демек, газета сизлердиң көлиниңден толық шыға алмай атыр. Мойынлаўымыз керек, кемшиликлеримиз де бар. Олар үстинде шыптлапислеўге туўра келеди. Бунда, әлбетте сизлердиң граждандық активлигиңиз зәрүр. Бир қуўанышлы жери автономия лы республикамыздан тысқарыда газетаның 176 турақлы оқыўшысы пайда болды. Биз буған қуўанышлымыз. Алдағы ўақытларда олардың саны артады деп исенемиз хәм газета оқыўшыларының исеними ақлаўға умтыламыз.

Сизлерге төмендеги бирнеше сораўларға жуўап қайтарыўыңызды өтинемиз.

1. «Жас Ленинши» ни неше жылдан бери турақлы оқып барасыз?

___

2. Сизиң көз қарасыңыз бойынша газетаға нелер жетиспейди?

___

3. Быйыл газета бетлеринде нелер ҳаққында оқығыңыз келеди? Басль темаларды атап өтсеңиз?

___

4. Өткен жылы қайсы авторларымыздың қандай мақалалары унады?

___

5. Хәм қайсысы унамады? Себеби,

___

6. Мақалаларға келип атырған пикирлер сизлерди қанаатландырама?

___

7. Газета авторларына қандай тилеклериңиз бар?

8. Өзиңиз ҳаққында?

___

Газетаның баслы оқыўшылары — Сизлер. Сол ушын да оның қандай болып шығып атырғаны Сизлерди бийпарўа қалдырмайды деп үмит етемиз хәм хатларыңызды күтемиз.

—Жаңа жылдан не күтесиз?—деп
Маған саўал берди хабаршы.
—Мен күтемен,—дедим,—ең әдеп
Асығымның турғаны алшы.

Көп нәрсени киргиздик қолға,
Көп нәрсени қолдан алғыздық.
Қиятырған бул жаңа жолда
Көрмегей хеш адам жалғызлық.

Кеўилдеги гуптикейлерди
Айта билдик аўыз толтырып.
Зат қалмады, бәри сөйленди,
Бирақ, еле толмас олқылық.

—Жаңа жылдан не күтесиз?—деп
Маған саўал бер ме, қарағым.
Мениң дәртим кетеди үдеп
Сықылына мынаў қаланың.

Көрмейсең бе, көшелер балшық,
Жаяўлардың тең жарпы ақсақ.
Асфальтларды суў басқан шалшық
Қурбақалар жаз бойы ўақ-шақ.

Айтсақ, бизди жей жақтай гүтип,
Көп көшелер қазылып атыр.
Жер астына түсиўин күтип,
Трубалар көсилип жатыр.

Өз пулыңа табылмас ҳасла
Дүканлардан излеген затың.
Жалын, мейли көзиңди жасла,
Мириўбеттиң хәммеси сатың.

Жаңа жылда гилегим мениң:
Жаманлыққа—қатты қолшылық.
Кийим-кеншек емес күткеним,
Хүрмет-иззет болсын молшылық.

Мол ақшаның татын жалаған
Саўдагерге ноқта салынсын.
Базар гүўе, пүткил қаладан
Қуўығы иси қолға алынсын!

Күтемен мен бул жаңа жылдан
Хәр бир үйге гойым, берекет.
Көтере сөз орнына, жылдам
Иске асқандай жаңа хәрекет.

Үмитимиз сөнбесин бирақ,
Жаңа жылдан усы тилегим.
Арал бойы болса да қурғақ,
Халық толқытып турсын жүрегин.

К. РАХМАНОВ.
Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты.

ЖАҢА ЖЫЛДАН ТИЛЕК

Жаңа жылдан күтемен бәрин,
Жақсылықты күтемен дәслеп.
Мол болыўын қәлеймен палын,
Арағын да етпесин әспек.

Айта берсең түрли гәп келер,
Ел едик гой қарнымыз қалыққан.
Аяз Бабаң аяз әпкелер,
Жыллылықты күтемен халықтан!

Жаңа жылдың күтиў кешеси
Үйиңизде тасып-толғайсыз!
Балаңыздың әке—шешеси
Хәм өзиңиз аман болғайсыз!

Әрман деген көпдур кеўилде,
Бизди алға баслар сол гана.
Кимлер шыққан болса елиўге,
Жүзге қарай алғай жоллама.

Пәтпес иске сөзди жумсама,
Сени дәслеп дослар тыңласын.
Көп адамлар аўзын жумса да,
Жаңа жылда көзин жумбасын!

Мениң халқым бир сөзли болар,
Елеслетер қулқы емеңди.
Жаңа жылда умытсын олар
Өтирик-өсек, алдаў дегенди!

Бүгин—байрам! Жаңа жыл кеши
Хәр шаңарақ хош ҳаўаз болсын!
Тоқсан деген әсирдиң көши
Қыс емес, тек бәхәр-жаз болсын!

Бәхәр болсын өмир гүлленген,
Жаз болсын ол миўа байлаған.
Тек, күлкиден басқа билмеген,
Тек, шадлықтай мудам жайнаған!

Ҳақыйқатлық болсын нур елес,
Шынлықларға айлансын аңыз.
Бул қәлендер тилеги емес,
Бул шайырдың тилеги нағыз!

Ала аўызлық болмасын, дослар,
Жаўызлық та етпесин надан.
Қатал болсын кеўили бослар,
Жумсақ болсын қатты қол адам.

Жаңа жылың, жаңа айларың
Қалталыңнан кетпесин қал-пал,
Сақый болсын шығайбайларың,
Сықмар болсын дарқылдақ сәл-пәл.

Хеш нәрсеге болмағыл алаң,
Шайпалтырма сабыр кәсасын.
Жаңа жылда туўылған балаң
Ең кеминде тоқсан жасасын!

Т[?]лар болсын бәнеси менен,
Питтим гөне жылғы сөзимди.
Жаңа жылдың сәнеси менен
Қутлықлайман халқым, өзиңди!

АЯЗ БАБА ҚАЙ ЖЕРДЕ ДҮНЬЯҒА КЕЛГЕН?

Хәр жылы жаңа жыл ақшамында үйимизге дана хәм сақый Аязбаба кирип келип, бир дүнья бахыт, қуўаныш үлестиреди. Бирақ, биз сол Аязбабаның қай жерде пайда болғаның биле бермеймиз.

Негизинде оның өмир дәстаны узаққа бармайды. Ол өзиниң Батыстағы көсилеси Санта—Клаустан рең алған. Санта—Клаустың аты илахый Николаус исминен келип шыққан. Христан дини әпсаналарында айтылыўына қарағанда IV әсирде ол Византияда жасаған екен. XI әсирде Италияға алып келинген. Күнлердиң биринде Николаус 3 жарлы апалы-сиңлилерге бир қапшықтан алтын саўға еткен қусайды. Бул Санта—Клаус мөмин, гедейлерге саўға үлестиреди емиш деген гәп тарқалыўына алып келген. Соннан оның «ўазыйпасы» анықласып жаңа жыл ақшамында балаларға, хәтте жасы үлкейлерге де саўға беретуғын болыпты.

Рус топырағына жаңа жыл Аязбаба Батыс Европадан бираз кейин қәдем қойды. Әйиемги Россияда жаңа жыл дәслеп 1-март, 1492 жылдан баслап 1 сентябрьде белгиленди. Тек XVI әсирдиң ақырында Петр 1 диң пәрманы менен Европа мәмлекетлери сыяқлы Россияда да жаңа жылды 1-январда белгилеў дәстүр болған.

Жүдә ертеректе адамлар декабрьдиң аяғында барлық жумысларды питкерип, жаңа жылдың хүрмети ушын ўақты-хошлық ететуғын еди. Усындай күнлерде үйлерге маска кийгенлер келеди. Бара-бара ақсақаллы ата, көпшиликтиң кеўил хошлығына шерик болып, хошласып атырған ески жылдың тымсалы сыпатында Аяз бабаға айланып қалған.

Әлбетте, оның қай жерлерде жасайтуғынлығы менен де қызығып көрейик.

Американың Питтсбург халқы, әлбетте Аязбаба олардың қаласында жасайды, дейди. Жаңа жыл қарсаңында ойынға тоймаған балалар уйықлай бермесен, олардың ата-аналары телефонды көтерип, Аязбабаны шақырады. Сонда Санта—Клаус телефоннан оларды уйықлаўға үгитлейди хәм кишкенелердиң түсине кирип, оларға көп саўғаларды ўәде етеди. Оның жасы 85 те. Ол шынында да өз ўазыйпасын шеберлик пенен орынлап киятыр.

— Сәл асықпаң, —дейди америкалылардың сөзин бөлип Батыс Германиялылар, бизде де өзине тән жаңа жыл Аязбабасы бар. Хәммеге мәлим ол Химмельфортген қаласында жасайды. Жер жүзи мәмлекетлериндеги балалар Аязбабаға хат жоллап турады.

1962 жылда әллеқандай 6 жаслы қыз бул қалада жасайтуғын Аязбабаға хат жазыўды шешеди хәм оннан жуўап алғаны ҳаққында журналистлер гүррың ете ди. Оны Санта—Клаус атынан жергиликли байланыс бөлиминиң хызметкери Вильгельм Пиларский жазған екен. Ол 70 жастан асып кеткен болса да планетаның түрли мүйешлеринен келген хатларға еринбей жуўап қайтарады.

Мәмлекетимиздиң барлық мүйешлеринде де Аязбабаның турақлы мәканы барлығына исениў қыйын емес. Егерде әстон балаларыңнан оны сорасаңыз—Соны да билмейсизбе, ол Хиўумада жасайды-дә—деп жуўап береди. Себеби атаўда әжайып жаңа жыл музейи бар. Бул жерде бир-бирине нен өтетуғын экспонатлар топланған. Музейдеги телефон аппараты Аязбаба менен тиккелей байланысқан. Оған қоңыраў етип, жаңа жыл ақшамында кеўил көлеген тилеклердиң әмелге асыўы соралса, әлбетте орынлаўы мүмкин екен.

...Аязбаба, Санта—Клаус, Бато Натале, Пер Ноэль... жер жүзиниң халқы Аязбабаны усындай исимлер менен атайды. Оны қалай атамасын, балалар Аязбабаның әлбетте қуўаныш, саўға үлестиретуғынына исенеди. Шынында олардың исеними алдамайды.



Редактор К. РЕЙМОВ.

ЖАС ЛЕНИНШИ

742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўапль секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия хәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Некистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 1. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28385 РК 30501.